


**ЗНАГМÆ КУД ХЪÆБÆРДÆРÆЙ ФÆЛЛÆУУАЙ, УОТÆ Æ ХЪАУРÆ ФУЛДÆР СÆТТУЙ!..**

***Иосиф СТАЛИН: «Уæлахез æхуæдæг некæд æрбацæуй – е амалгонд цæуй уæззау тугъдтити æма гъæддух фæллойни. Знаг æ фæстаг хъауритæ гæлдзуй тохмæ, еци нифссастæй дæр нихкъуæрд дæттунбæл архайуй, цæмæй фæййервæза карз дзуапп байагурдæй. Уомæ гæсгæ ба... гъæуама никки тухгиндæр цæфтæ кæнæн знаги...»***

75 ПОБЕДА! 1945–2020



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№25 (764) 2020 анзи 1 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

# ЦАРДИ РОХС ЦАРДИХАЛГУТÆЙ ГЪÆУАЙГОНД УÆД...

**Куд нæ Фидибæсти еугур рауæнти дæр, уотæ Цæгат Иристони дæр сентябри тæккæ райдайæн фæлтæрæй-фæлтæрмæ райдзастæй æ тæккæ идзаг уидæ. Æ фиццаг бон уидæ ахури нæуæг анзи райдайæн æма ниййергутæ сæ кæстæрти зæрдæрохсæй фæндараст кæниуонцæ скъоламæ, сæ хæццæ уиуонцæ æмциййнæ...**

Уотæ бæргæ адтæй 2004 анзи уæнгæ... Еци анзи сентябри фиццаг бон дæр бæргæ райдзастæй райдæдта, гъæутæ æма сахартæ бæргæ ниррохс æнцæ кæстæрти æма сæ ниййергути, сæ ахургæнгути зæрдæхцæуæндзийнадæй. Фал хорæй ирддæр цийнадæ æвваст æрбахгæдта сау хабари сау пæлæз: Беслæни фиццаг скъола лæгсирдтæ байахæстонцæ, сæ тогмондаг фæндти амæттаг иссæнцæ сувæллæнттæ, ниййергутæ, ахургæнгутæ... Æригон поэт Кокойти Эльзæ е 'мдзæвги куд загъта:

*Дуне ахæм рæсугъд уыд*
*уыцы ирд фæззыгон бон,*
*æма чи зыдта,*
*æмбойны*
*ам*
*агъуыд лæгсырдтæ*
*æназым тугæй*
*уадздзысты сæ дойны...*

Æма нин кæддæри цийнаг бæнттæ 2004 анзи сентябрæй фæстæмæ иссæнцæ хъонцгæнæн бæнттæ... Уæдта ма зæрдрист фарстати бæнттæ дæр...

Цæмæн æрцудæй уæхæн æверхъаудзийнадæ?.. Цæмæй фæффудгин æнцæ, уой азари ка бастъалдæй, уони æвуд уодтæ?.. Берæ 'нцæ уæхæн фарстатæ, фал, кæд æхсæрдæс анзи рацудæй, уæддæр сæбæл æнхæстæй лæдæрд дзуæппитæ ба нæма райгъустæй... Уæдта уогæ ба райгъусдзæнæй?.. «Баргинтæй» кедæрти хъæбæр нæ фæндуй, цæмæй рæстдзийнадæ райгъуса...

Ци нæ бон æй... Айдагъдæр хъонц кæнун, еци фудбæлахи ка бастъалдæй, уони рохс нæмттæ имисун... Ци 'рцудæй, уой æгириддæр нæ иронх кæнгæй...

Æмæ куд гъæуама феронх кæна адæймаг, еци зæрдæ фæйнердæмæ рæдовæг хабæрттæ... Æносон ристæй сæ нæ дзиллæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ имисдзæнæнцæ... Фал айдагъ ристæй дæр цæрæн нæййес. Цард æхе домæнтæй ихæсгин кæнуй мах, абони цардиуагæ кæмæй аразгæ 'й, уони фудæй дæр. Еуварс ни гъæуама маке лæууа. Уотæ ка 'нгъæлуй, æма мæн неци хъор кæнуй, е хъæбæр рæдуйуй, исонибони фæсмойнаг ку фæууа, уомæй гъæуама тæрса... Ирæзунцæ æма нæмæ æнæмæнгæ ирæздзæнæнцæ нæуæг кæстæр фæлтæртæ. Æма нæ абони уобæл архайун гъæуй, цæмæй уæхæн фудбæлах мабал æрцæуа, цæмæй нæ кæстæртæ ирæзонцæ фидбилизтæй гъæуайгонд уавæрти, исонибон æдас куд уа æма цæрунгъонæй æнтæстгин куд уонцæ арфиаг гъуддæгутæй, зæрдæргъæвд æма æгъдаугин куд уонцæ, нæ адæмæн æма нæ Фидибæстæн дæр федар зæрдæдарæн куд уонцæ...





**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

***Беслæни фудбæлахи фæдбæл номерæн аллихузон мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæнцæ Мæскуй дæр. Куд нисангонд цæуй, уотемæй си архайдзæнæнцæ Федералон Æмбурди Федераций Совет æма Паддзахадон думи депутаттæ, хецаудзийнади иннæ къабæзти минæвæрттæ, Мæскуй иристойнаг æхсæнади иуонгтæ, сæрмагонд нисанеуæги къуæрттæ «Альфа» æма «Вымпел»-и ветерантæ...***



# НÆ ИСУСУЙ НÆ ЗÆРДИТИ РИСТ...



**ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат,**
журналист, финсæг

ÆХСÆРДÆС анзи рацудæй, Беслæни фудбæлах ку 'рцудæй, уæдæй ардæмæ. Фал цæйбæрцæфæнди рæстæг ку рацæуа, уæддæр еци æверхъау цауи тогуарæн бæнттæ некæд феронх уодзæнæнцæ нæ адæмæй, дуйней рæстзæрдæ дзиллæй, цæйбæрцæдæр тухгин уарунтæ ку фæууара, уæддæр, Беслæни фиццаг скъолай фæрстæ ци ирæзгæ сабийти сурх тоги æртæхтæй исгъолон æнцæ, уони æрæхснун сæ бон нæ бауодзæнæй...

Адæймагæй æруагæс дæр нæ кæнуй, уæхæн фудракæндæ ка исаразта, етæ уæхæн æверхъау æма тæрегъæддаг миуæ исаразун куд бафæразтонцæ, кæд æма сæ Хуцау адæймаги хузи зæнхæбæл рæстуодæй цæрунæн исфæлдиста, уанæбæрæг циуавæр зæрдитæ сæбæл разиндтæй (уогæ зæрдитæ ба сæбæл адтæй?) æма куд исистонцæ сæ къох бустæги æвуд сувæллæнттæмæ, сæ ниййергутæ æма рæвдаугутæмæ?!. Куд бандиудтонцæ, тæрсгæ-резгæй, сæ минкъий къохтæй сæ сæртæбæл хуæцгæй, сæ уодтæ фæййервæзун кæнуни зæрдтæй скъолай содзгæ бæстихайййæй ци минкъий сабийтæ лигъдæнцæ, уони фæстæрдигæй автоматтæй æхсун?!.

Кавкази адæмтæмæ уæхæн æгъдау ку ес, дон кæстæрæй ниуазгæ 'й, зæгъгæ. Уæд нин еци лæгсирдтæ нæ ирæзгæ бæдæлтти дон-донгæнгæй мæрдтæмæ цæмæн барвистонцæ?! Уони адæймæгутæ исхонæн неци хузи ес. Етæ, зæгъæн кæмæн нæййес, уæхæн лæгсирдтæ 'нцæ.

Æхсæрдæс анзи рацудæй, Беслæни сæрмæ ирд хор æнай-æнойти тарæй-тардæр сау мегътæ ку æрбахгæдтонцæ, æма фудæнхи пæлæз аци цардбæллон рауæнбæл æхе ку æритудта, æнæгъæнæ дуйней рæстуод дзиллити зæрдитæ хъонци уæззаудзийнадæй ка байарудта, еци пеллон арти нæ ирæзгæ сабийтæ, сæ нийййергутæ æма ахургæнгутæ ку бабун æнцæ, еци тогуарæн фæззæгбæл... Абони дæр сæ еци зæрдæристæй æма цæстисуг калгæй имисæн, уæд террористти къохæй ка фæммард æй, уони – 330 адæймагемæй фулдæр, уонæй ба 187 сувæллæнттæ адтæнцæ...

Уотæ фæззæгъунцæ, рæстæг, дан, цийфæнди ресагæ æма арф гъæдгинтæ дæр дзæбæх кæнуй... Фал еци загъд, куд рабæрæг æй, уотемæй бустæги раст нæ разиндтæй – æхсæрдæс анзи рацудæй æма уæддæр адæймаг хъæбæр зинтæй æууæндуй, Беслæни ци æверхъау фудбæлах æрцудæй, еци гъæдгинæн ма ескæд æ уæззау цæфтæ бадзæбæх уодзæнæнцæ, уобæл...

Иристони адæм еци тогуарæн бæнтти сæхе равдистонцæ айдагъ æхсаргинæй нæ, фал хеуорамгæй дæр. Еци фудбæлах исаразгутæ гъавтонцæ уомæй никки агъазиаудæр фидбилизтæ æнæгъæнæ Цæгат Кавкази дæр фудцаутæ разгелун – лæдæрдтæнцæ 'й, сæ фудмиуæй цæйбæрцæбæл устур маст æрхæсдзæнæнцæ дзиллæн æма æнгъæл адтæнцæ, уомæй сæ уотæ низгули кæндзæнæнцæ, æма етæ сæ масти фæдбæл рацæудзæнæнцæ, адæмтæ фæккæрæдземæ уодзæнæнцæ... Фал нæ адæм, зæгъæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн зинæй сæ зæрдитæ нирræсудæнцæ, уæддæр сæмæ зунд æма уоди хъаурæ разиндтæй знаги фудвæндити сайди нæ бахаун, уони хилкъахæнти фæдбæл нæ рацæун... Бауæндетæ, еци бæнтти уавæри хъæбæр-хъæбæр зин адтæй нæ фæррæдуйун æма хе бауорамун, фал нæ адæм еци лæгæвзарæни рæстæг бафæразтонцæ, ку зæгъæн, зунд æма уоди хъаурæ бавдесун... Скъолай спортзал фудгæнгутæ ку исрæмугътонцæ, уæд еци рæстæг Беслæнигъæуи скъолай рæбун Ири дзиллæй кæстæрæй-хестæрæй, силгоймагæй-нæлгоймагæй кадæр адтæй, етæ, нæдæр æхсæндзаумæутти нæмгути æскъоттæй, нæдæр æндæр нецæмæй нæ тæрсгæй, ниххæррæт ластонцæ содзгæ скъолай бæстихаймæ, уоми фудбæлахи ка бахаудтæй, уони ервæзун кæнунмæ... Берети фæййервæзун кодтонцæ, беретæн ба сæ бон нецибал бацæй...

Беслæни еци фудбæлах ку 'рцудæй, уæд амæнæттæгти ервæзунгæнгæй беретæ бавдистонцæ устур бæгъатæрдзийнадæ. Сæ еугурей туххæй радзоруни фадуат нин нæййес, уомæн æма, ку зæгъæн, етæ берæ адтæнцæ. Фал уæддæр уой ба зæгъæн, цæйбæрцæбæл агъазиау лæгдзийнадæ бавдистонцæ уæд сæрмагонд къуæрттæ «Альфа», «Вымпел» æма Æнæнгъæлæги уавæрти министради ервæзунгæнгутæ. Уонæй, гъулæггагæн, дæс æфсæддони фæммард æнцæ фудбæлахи бахауæг адæми ервæзунгæнгæй. Еци зингхуст бæгъатæртæн Беслæни мемориалон уæлмæрдти æвæрд æрцудæй циртдзæвæн, номерæн циртдзæвæнтæ син æвæрд æрцудæй Мæскуй, уæдта си ка кæцæй адтæй, еци рауæнти дæр.

Арви цæф бæласæн æ бундзæфхадбæл ку исæмбæлуй, уæд æ къалеутæ дæр æма æ уедæгтæ дæр сор кæнунцæ. Иристонæн дæр еци фудбæлах кæд арви цæфи хузæн адтæй æма æ тæккæ зæрдæбæл исæмбалдæй, уæддæр æй нæ фæккеун кодта, ниббухстæй ин, федар фæллæудтæй æма гъæддух разиндтæй. Нæхе 'знæгти фæндæуагæ нæ фæккодтан. Нæ фидтæлти тог рæстæгути лæгæвзарæнти ке нæ нийсустæй æма нæ абони кæстæрти иуæнгти дæр ке цæуй, е никки хъæбæрдæр рабæрæг æй еци лæгæвзарæн рæстæг. Нæ минкъий сабийтæ дæр сæхе æхсаргинæй æма бæгъатæрæй равдистонцæ, кæд син террористтæ цифуддæр миутæ æвзарун кодтонцæ, уæддæр. Тедти минкъий Азаматæн теракти фæсте Мæскуй хирургтæ уæззау операци ку кодтонцæ æма ин уой размæ зæрдитæ ку æвардтонцæ, уæд син е федарæй уотæ бакодта:

– Æз ирон дæн, æз нæ тæрсун цийфæнди уæззау операцийæй дæр...

Бауæндетæ, уæхæн бæгъатæр, æхсаргин игурдтæ ци адæми 'хсæн гъомбæл кæнонцæ, етæ некæд æрлæудзæнæнцæ знаги размæ сæ уæргутæбæл æма некæд æрхæсдзæнæнцæ æгадæдзийнадæ сæ сæрмæ.

Адæймагæн æ зин сахатти дзиллитæ æ фарсмæ ку æрбалæуунцæ, уæд ин етæ райсунцæ æ зæрди ристæй зингæ хай. Мах нæхе цæститæй фæууидтан æма абони дæр уинæн, Иристони еци фудæвзарæн ку искодта, уæд æнæгъæнæ дуйне дæр низмалдæй æма нæмæ хæстæг хеуонти хузæн нæ фарсмæ æрбалæудтæнцæ, æрбадардтонцæ нæмæ сæ агъази къох. Уой туххæй син нури уæнгæ дæр кодтан, кæнæн æма ма идарддæр дæр, æности уæнгæ дæр кæндзинан зæрдибун арфитæ.

... Æхсæрдæс анзи рацудæй Беслæни фудæнхи сау бонæй нурмæ. Е нин нæ хъисмæттæ æма нæ цард фæккодта дууæ дехи – уæди æма æ фæсте цардбæл. Уæди æма абони Беслæнбæл. Нуртæккæ мах гъæуама уæлдай лæмбунæгдæр æркæсæн нæхемæ, ракæсæн нæ алливарс лæмбунæгдæрæй æма рартасæн нæ хæлæртти не 'знæгтæй. Цæмæй Беслæни ци устур трагеди æрцудæй, уæхæн фидбилиз зæнхæбæл мабал æрцæуа, уой туххæй мах нæ еугурей дæр гъæуй рæстдзийнадæ хæрандзийнадæй æртасун, рæстдзийнадæ цæмæй нæ цардиуаги æрфедар уа, уой сæрбæлтау рæстуодæй тох кæнун.

Нæ еугур дæр уинæн, абони дуйней царди медæгæ ци берæ æнæраст гъуддæгутæ, галеудзийнæдтæ æма фæливд миутæ ес, уони. Æма мах дæр еци дуйнейæн ан æ еу хай. Уомæ гæсгæ мах, нæ еугурей дæр, фиццагидæр, гъæуй еци цъумурдзийнæдтæй нæхе искæдзос кæнун æмзунд, æмзæрдæ ку уæн, уæд нæ хъаурæ дæр тухгиндæр кæнуй. Æма нæ уобæл нæ еугурей дæр зæрдиагæй байархайун гъæуй. Кæрæдзей лæдæрундзийнадæ, еудзийнадæ нæмæ ку уа, уæд нæмæ террористтæ æма знæгтæ дæр некæд æрбалæбордзæнæнцæ.

Беслæни фудæнхи арти ци хори хузæн сабийтæ цардбæллонæй бабун æнцæ, ци фæлмæнзæрдæ мадтæлтæ, хуæртæ, æнсувæртæ ни фæгъгъудæй, уони, гъулæггагæн, райгас кæнун, фæстæмæ сæ не 'хсæнмæ раздахун нæбал исуодзæнæй нæ бон. Фал цард ба цард æй. Æма еудадзуг хъонц кæнæн, нæ къохтæ æдухæй æруадзæн, зæгъгæ, уæд уомæй раст нæ уодзинан. Уæлдайдæр ба мах, хестæртæ, нæ къохтæ æнæбонæй дæлæмæ ку æруадзæн, нæ царди хабæрттæ аразунбæл зæрди федардзийнадæ ку не 'вдесæн, уæд нæ кæстæртæ дæр æнæнифс кæнунцæ. Нæ рагфидтæлти цардвæндаги хабæрттæмæ ку æркæсæн, уæд уони дæр сæ рæстæги уæззау карни цалх еу æма дууæ хатти не 'рбазелидæ, æ буни никкæнунмæ сæ нæ багъавидæ. Фал етæ уæддæр нæ бауагътонцæ фидтæлти фарнæ æрнидæн кæнун. Æма мах дæр гъæуама уони бафæнзæн.

Хуцау нин æхсæрдæс анзей размæ фудвæззæги бæнттæ фуни дæр макæдбал фæууинун кæнæд.

## КÆРÆДЗЕЙ ФЕГЪОСÆН ÆМÆ КÆРÆДЗЕЙ БАЛÆДÆРÆН...

**Нæ республики 1-3 сентябри бæнттæ нимад æнцæ, Беслæни террористон фудракæнди ка бабун æй, еци æвуд адæмбæл хъонцгæнæн бæнттæбæл. Æма, куд раздæри æнзти, уотæ нур дæр бабæй еци бæнтти арæзт æрцæудзæнæй номерæн мадзæлттæ. Ке зæгъун æй гъæуй, нури эпидемиологон уавæри тасдзийнадæ нимайгæй, еуæй-еу æййивддзийнæдтæ хаст æрцæудзæнæй саударæн мадзæлтти фæткитæмæ. «Беслæни мадтæлти» комитети сæрдар Дудиати Сусаннæ сæрмагонд фæдздзурдæй æхе бахадта не 'мзæнхонтæмæ æма си ракурдта, цæмæй террористон фудбæлахи амæттæгти имисæн бæнтти Беслæни ци мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæй, уонæмæ аци хатт устур къуæрттæй ма æрбацæуонцæ. Æ фæдздзурди куд баханхæ кодта, уотемæй нуриккон тæссаг эпидемиологон уавæрти хъæбæрдæр гъæуайкæнуйнаг æнцæ рацæргæ адæм æма æнагъонтæ.**



**Эпидемиологон уавæртæмæ гæсгæ, номерæн бæнтти рæстæг уæлдай домагæдæр æргом здæхт æрцæудзæнæй санитарон æма æхсæнадон æдасдзийнади домæнтæ æнхæст кæнуни фарстатæмæ.**

**Уæрæсей гвардий Бон бæрæггонд цæудзæнæй 2 сентябри. Аци цитгин ном ци æфсæддон хæйттæн аккаггонд æрцудæй, уони рæнгъити се 'фсæддон ихæс кадгинæй æнхæст кодтонцæ æма кæнунцæ иристойнæгтæй беретæ.**

***Нæ национ театри бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздухъо нæ адæми цардарæзт цæмæй федудта, уони цидæр нæуæгдзийнæдтæ куд æнсæндунцæ, уой фæдбæл финста: «Фидтæлти цардæй рахецæн ан. Мæсгутæ æма галауантæ ниууагътан, нæуæг цардмæ ба хъæртгæ дæр нæма бакодтан. Ан мах надбæл, уæхæн надбæл, æма фæстæмæ ’здæхæн кæбæлти нæбал ес, размæ цæун ба сау талингæ æма тарф мегъæ нæ уадзунцæ...»***

# НÆ НИФСДÆТТÆГ – НÆ ФИДТÆЛТИ УОДВАРНИ ДЕССАГИ БУНДАЙРАДÆ...

***Нæ рагфидтæлтæй нин зæрдæдарæнæн бундайрадæн ци уодварни хæзнатæ байзадæй, уони устуйрадæй куд сæрбæрзонд ан, уотæ син сæ идарддæри карнæбæл æновудæй ауодæг дæр гъæуама уæн. Уомæй ихæсгин ан, кæд нæ адæми исонибонбæл сагъæс кæнæн, уæд. Индий фарни лæг, номдзуд финсæг, философ Рабиндранат Тагор кæддæр уотæ загъта: <u>«Æнамонд æй, æ евгъуд бонти тиллæг ка нæ багъæуай кодта, еци наци, уомæн æма е фæццох æй æ евгъуд бонтæй дæр æма æ абонæй дæр. Байтаунæн имæ муггаг нæййес æма мæгургори хизин райста, цæмæй судæй ма рамæла. Мах гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн, æ историйæй æнæ хай ка фæцæй, еци адæмтæй ке нæ ан... Æндæр адæмти дæрдгун дзаумæуттæ æмбурд кæнун ходуйнаг æй, æма ’й гъæуама нæ сæрмæ мабал хæссæн...»</u>***

Æма цæмæй нæ фидтæлтиккон уодварни хæзнатæ æнæгъæнæй гъæуайгонд æрцæуонцæ, цæмæй сæ хъазарæй-хъазардæр бундойрадæй нæ адæми исониккон фæлтæртæбæл исæмбæлонцæ, еци гъуддаг ба фиццагидæр аразгæ ’й абони махæн нæхецæй.



Раст зæгъгæй, еци фарстати фæдбæл нæ республики фæстаг æнзти зингæ фулдæр гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй. Уæлдай лæмбунæгдæр æргом еци гъуддагмæ æздæхт цæуй фæстаг рæстæг, уæлдайдæр ба, Аланий исаргъуди 1100 анзей бæрæгбонмæ Иристони ци цæттæгæнæн мадзæлттæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ, уони æмвæзади.

Еци ахсгиаг историон-культурон цаумæ цæттæ кæнуни фарстатæбæл сæ косæг фембæлди рæстæг æрдзурдтонцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** æма культури уодварни хæзнатæ гъæуайкæнун æма си пайда кæнуни республикон Комитети сæрдар **Æгайти Эмилия**.

Аланибæл исаргъуди 1100 анзи бæрæгбонмæ цæттæгæнæг федералон æма республикон организацион комитеттæ нури уæнгæ иснисан кодтонцæ берæ аллихузон рохситауæн-культурон мадзæлттæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци ахсгиаг юбилейи агъоммæ æма æ рæстæг Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй фестивалтæ, равдиститæ, киунугути презентацитæ æма уотæ идарддæр.

Бæрæгбонмæ цæттæгæнæн кустити фæлгæти сæрмагонд цæстдард ес культури уодварни объектти цалцæг æма райаразунмæ. Зæгъæн, реставраторты æма аразгутæ базелдзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæнмæ, Ирæфи райони Уæхъæци гъæуи Сугъдæг Георгий аргъауæнмæ, Хетæгкати Къостай хæдзарæ-музеймæ, Ирон литератури музей æма æндæр бæстихæйттæмæ.

Куститæ циуавæр фæткæмæ гæсгæ æнхæстгонд цæунцæ, уой туххæй Æгайти Эмилия лæмбунæг радзурдта. Æ дзубандимæ гæсгæ, уæлдæр амунд объекттæн сæ уавæр фæйнæ хузи æй – еуетæ си хуæздæр уавæри ’нцæ, иннетæмæ ба лæмбунæгдæр базелун гъæуддзæнæй. Уой нимайгæй, федаргонд цæунцæ, алли объектбæл дæр ка косдзæнæй, еци цалцæггæнæг æма реставрацигæнæг къуæртти иунгтæ.

Цæгат Иристони Сæргълæууæг комитети сæрдарæн байихæс кодта, цæмæй кустити хуæрзгъæдæддзийнадæмæ уа тæккæ лæмбунæгдæр цæстдард.

– Еугур куститæ дæр гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ рагагъоммæ федаргонд бæстон пълани бундорбæл. Реставраци æма цалцæги пъланмæ хаст объекттæн сæ фулдæр рагон дзаманти арæзт ке æрцудæнцæ, уомæ гæсгæ сæмæ æвналун гъæудзæнæй уæлдай арæхстгай æма гъæуайгæнгæй. Еци объекттæ ’нцæ нæ истори æма культури хæзнатæ, етæ нин гъæздугдæр кæнунцæ нæ абони цард дæр. Фал айдагъ е нæ. Еци культурон хæзнати реставраци æма цалцæг федæни гъæуама фæззиннонцæ республикæбæл экономикон æгъдауæй дæр – еци аргъауæнтæ æма музейтæ нæуæгæй сæ хузæ ку искалонцæ, уæд, ке зæгъун æй гъæуй, исуодзæнæнцæ æндæр регионтæй æрбафтуйæг туристтæн сæрбæрзондæй ке æвдесдзинан, уæхæн объекттæ, - фæннисан кодта Битарти Вячеслав.

Кæронбæттæни ба ма уин уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзинан Рабиндранат Тагори еума загъд: <u>«Кæцифæнди наци дæр гъæуама æ зунди цирагъ хуссун ма уадза – цæмæй иннæ нацити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æ цирагъ кæмæн расæттуй, еци адæмæн дуйнеуон бæрæгбони бунат нæбал фæууй. Æнамонд æнцæ, цирагъ кæмæн нæййес, еци адæм, фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй, фал æй кæмæн байстонцæ, кенæ ба ’й æхуæдæг æвæгæсæгæй ка ниуугъта, еци адæм...»</u>

Æма аци гъуди нæхецæн зундамонæнæй райсгæй, уодуæлдайæй байархайæн, нæ фидтæлтæй нæмæ ци фарни рохс æрбахъæрдтæй, уой нидæн кæнун нæ бауадзун, æма нин нæ размæцуди над рохсгæнæг уа...

## РАСТ ДЗУРД САБИЙ ДÆР ЛÆДÆРУЙ...



Рагонбердзенаг зундилæг Аристотели (цардæй нæ эри размæ 384-322 æнзти) бафарстонцæ:

– Æдулийæй зундигæй ци игъаугидæр ес?

Æма син е дзуапп равардта:

– Зундгин æндæр зундгини хæццæ кæддæриддæр бафедаудзæнæй, фал æдули ба нæдæр æдулий хæццæ бафедаудзæнæй, нæдæр зундгини хæццæ...

Аристотели аци гъудимæ гæсгæ уой зæгъуйнаг ан, æма, гъулæггагæн, нæ цардаразæг гъуддæгути нин æгæр ахид унаффæгæнæг исунцæ æдулитæ. Уой ба уоййасæбæл хецмæрез разиннунцæ, æма еске пайдахæссæг унаффæмæ уотид игъосгæ дæр не ’ркæндзæнæнцæ – кенæ ’й сæ сæрмæ нæ фæххæссунцæ, кенæ ба ’й лæдæргæ дæр нæ фæккæнунцæ... Æма сæ фæндæ, раст æй нæ, уой нæ нимайгæй, тухгъард нин кæндзæнæнцæ. Æма сæ еци фудзунддзийнадæ ба цæйбæрцæ гъæндзийнæдтæ расайуй, уой ба уæхуæдтæ уинетæ...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй ауæхæн загъд: «Зунди хæзна зундгин адæммæ агорæ!..» Æма цæйбæрцæбæл хуарз уидæ, аци гъудимæ дæр, уæдта, мæнæ дæлдæр ци зундилæгти зæгъдтитæ имисæн, уонæмæ дæр ку æригъосианæ, ку си испайда кæнианæ нæ идарддæри цардарæзти гъуддæгутæ аразуни!.. Уæд, баруагæс уи уæд, æнæрæдуддæрæй архайанæ, зингæ минкъийдæр фæсмон кæнианæ, цидæртæ нин, куд нæ фæффæндуй, уотæ ке нæ рауайунцæ, уой фæдбæл…



**ЦÆЛИККАТИ Ахмæт (1882-1928),** ***финсæг, æхсæнадон архайæг:*** **«Æз хумæтæги ирон мæгур лæг дæн, мæ дин æй, фидтæлтæ мин ке ниффæдзахстонцæ, еци табуйаг æгъдау, мæ Хуцау ба – мæ кæдзос цæсгон...»**

*- Нури доги ба нæ «патриоттæй» беретæ сæ реугудуртæ тумбул къохтæй хуайунцæ, нæ фидтæлти фæдзæхститæй сомитæ кæнгæй. Уотемæй ба сæмæ сæ царди гъуддæгути ба нимади дæр нæ ’нцæ – Хуцау син цæсгони кæдзосдзийнадæ нæй, фал æдзæсгондзийнадæ, сайун, давун, фудмиутæ аразун…*



**КОНФУЦИЙ (цардæй нæ эри размæ 551-479 æнзти),** ***рагонкитайаг зундилæг:*** **«Ахургæнæг загъта: «Æууæнкæ кæбæл нæййес, уæхæн адæймаги хæццæ ести гъуддаг кæнæн куд ес?.. Уæрдунæн сæмæн ку нæ уа, уæд ибæл цæуæн куд ес?..»**

*– Махмæ ба абони нæ царди райаразуйнаг гъуддæгутæ фулдæр хæттити «аразгутæ» исунцæ, æууæнкæ æгириддæр кæбæл нæййес, уæхæнттæ. Райвæрунцæ сæ бæрзонд бунætти, сæ бæрни син бакæнунцæ еугурадæмон мулкитæ, уони иуаруни бартæ син парахаттæй раттунцæ. Æма? Цанæбæрæг рæстæг рацæуй, æма рабæрæг уй, еци «бæрзондбадгутæй» беретæ, æцæгæйдæр, æнæууæнкæ аккаг ке ’нцæ – паддзахадон есбонадæбæл фæххæлæф кæнунцæ, æнаккаг миутæ фæккæнунцæ... Æма уæхæн «бæрзондбадгути» къохти ци паддзахадон «уæрдун» уа, уомæн кутемæй уодзæнæй, размæ ке фæрци цæуа, еци сæмæн?..*



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910),** ***уруссаг финсæг:*** **«Цардæн аргъ кæнун гъæуй æ бæрцæмæ гæсгæ нæ, фал æ хуæрзгъæдæддзийнадæй ци æй, уомæ гæсгæ...»**

*– Уотæ бæргæ ’й, фал нæмæ уæддæр хъæбæр исфедар æй фæткæ: бæрнон бунати бадæг, кенæ литературæ æма аййевадæ гъезæмарæгæнæг æ цардиуаги уоййасæбæл кæд нецæмæй фескъуæлхтæй, уотид монти сифи аккаг дæр кæд нæй, уæддæр ин æ æнзти юбилейон бæрцæмæ гæсгæ гъæуама лæвæрд æрцæуа ести бæрзонд хуæрзеуæг. «Кадгинтæй» нæмæ бæргæ байдзаг æй, æма е кæмæндæрти – цийнаг, нæ цардарæзти гъуддæгутæ ба уæхæнтти фудæй – кæуйнаг...*

## ЗОНУЙНАГ

### ФУДРАКÆНДТИ ТУХХÆЙ ИГЪОСУН КÆНЕТÆ!..

***Цæгат Иристони медгъуддæгти министрадæ республики цæргутæн игъосун кæнуй:***

Цæгат Иристони медгъуддæгти министради еугур оргæнтæ дæр комкоммæ ихæсгин æнцæ фудракæндтитæ, административон барадæихæлдтитæ æма фидбилизти туххæй игъосункæнуйнæгтæ æнæмæнгæ есунæй æма регистраци кæнунæй, еци цаутæ кæд æма кæми æрцудæнцæ, уой нæ нимайгæй.

Уæрæсей Федераций граждæнтæн ес фудракæнди административон барадæихæлд кенæ фидбилизти туххæй игъосункæнуйнаг «02» телефонæй (сотовый телефонæй- «102») фегъосун кæнуни кенæ хабар гæгъæдибæл финстæй Цæгат Иристони медгъуддæгти министради цийфæнди оргæни радхæссæг хаймæ дæр барветуни барæ.

Цæгат Иристони медгъуддæгти министради æууæнки телефони номертæ æнцæ: 59-46-99. Æма алли адæймаги бон дæр æй, телефони еци номертæбæл бадзоргæй, багъаст кæнун, Цæгат Иристони медгъуддæгти министради косгутæй еске æ ихæстæ, куд гъæуй, уотæ ку не ’нхæст кæна, уæд уой фæдбæл.

## АДÆМИ ЦÆСТИНГАС

### ЗИНТÆ МÆГУРÆН ИСФÆЛДЕСОНД ÆНЦÆ?..

**Нæ абони цардиуаги фарстатæй кæцитæ хъæбæрдæр истухсун кæнунцæ уæрæсейæгти? Адæм куд гъуди кæнунцæ, уой бæлвурдгæнæг «Левада-центр» куд исбæрæг кодта, уотемæй адæмæн уæлдай сагъæссаг æнцæ:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Æргъти еугæндзон ирæзт. | 78 | Уæрæсейаг соми гъомус ниллæгдæр кæнундзийнадæ. | 27 |
| Мæгурдзийнадæ, адæмæн сæ фулдæрей гæвзуккæнундзийнадæ. | 42 | Æфтуйæгти æнæраст иуарундзийнадæ. | 27 |
| Æгустади еугæндзон ирæзт. | 36 | Тугъдтитæ æма æзмæнститæ Уæрæсей алфамбулай. | 22 |
| Экономики кризис. | 32 | Медицинон лæггæдтæй беретæй испайда кæнуни æвæдуат. | 20 |
| Коррупци, гæртанесундзийнадæ. | 29 | Уодварни, культури, хуæрзæгъдаудзийнади кризис. | 17 |

*«Левада-центр»-и аци æрфарсти архайдтонцæ Уæрæсей 46 регионей 136 цæрæн рауæнеми 16000 адæймаги. Æрфарст ба кæд раги арæзт æрцудæй, уæддæр, махмæ гæсгæ, уæрæсейæгтæ сæ тæккæ гъигæдарæг фарстатæбæл ке байамудтонцæ, етæ абони дæр ма сагъæссаг æнцæ нæ дзилли зингæ-зингæ фулдæр хаййæн.*

**УСФСР-и Министрти Совет 1965 анзи 2 сентябри рахаста унаффæ историй æма культури циртдзæвæнти гъæуай кæнуни Еугуруæрæсеуон бархий æхсæнадæ исаразуни туххæй. Уой фæдбæл ба Цæгат Иристони Министрти Совет дæр еци анз 2 сентябри рахаста унаффæ уæхæн æхсæнадæ мах республики дæр исаразуни туххæй.**

***Номдзуд араббаг финсæг æма философ Халил Джебран (1883-1931) финста: «Уæ сувæллæнттæ сумах нæ 'нцæ... Етæ уæ тог, уе 'стæг æнцæ, сæ уод ба хебарæ 'й, е цæруй исонибони, сумах уæ фуни дæр ке нæ фæууиндзинайтæ, уæхæн исонибони... Уони хузæн унмæ уæ бон æй тундзун, фал ма архайетæ***



# КÆСТÆРТÆБÆЛ ÆНОВУДÆЙ АУОДÆ ÆМА

Нæ абони дзубанди æй, не 'хсæнадæ нæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади æма цардиуаги фарстатæбæл куд ауодуй, уой фæдбæл. Æма нæ райдайун ба фæндуй еу рагон таурæхъæй. Уогæ ин æ кой кæддæр дæр ма кодтан нæ газети, фал æй еума хатт дæр ма æримисун æнгъезуй, уомæн æма, кæд нин ахсгиаг æй, нæ кæстæрти карнæ куд æма ци хузи рауайдзæнæй, е, уæд нин аци таурæхъи цау еудадзуг зæрдæбæлдаруйнаг æма зундамонæг уа.

## СУВÆЛЛОНБÆЛ АУОДУН – ХЕСТÆРТИ ÆВÆЛМÆЦГÆ ИХÆС ÆЙ!..

Таурæхъ ба уæхæн æй. Цæветтонгæ, еу мæгур лæг исфæндæ кодта æлдари æхемæ æрбахонун фæххинцуни зæрдтæй. Фæццудæй имæ хонæг. Æлдар имæ байгъуста æма ин уотæ:

– Кæд си мæнæй æлдардæр уодзæнæй, уæд дæмæ нæ цæун.

– Нæ, нæ!.. – æ уодæй арт цагъта мæгур лæг.

Æрбацудæй æлдар мæгури къæсмæ. Алцæмитæй идзаг фингæбæл æй æрбадун кодта лæг. Хуæрун райдæдта. Уæдмæ иннæ уатæй сувæллони кæун райгъустæй.

– Æз дæ, мæнæй æлдардæр уæмæ ес, зæгъгæ, нæ фарстон?

– Е сувæллон æй, æлдар.

– Сувæллон æлдарæй æлдардæр æй, – загъта æлдар, исистадæй æма рацудæй…

Аци таурæхъи медес лæдæрд æй: нæ кæстæртæ нæ адæми цардарæзти агъазиау бунат ахæссунцæ. Уотæ неке зæгъуй, æма сæ бустæги исуæлиау кæнæ æма си цидæр уæлбекъонтæ рауайун кæнæ. Дзубанди уобæл цæуй, æма син сæ карæмæ гæсгæ хестæрти 'рдигæй арæзт цæуа фадуæттæ, цæмæй байлæгъ кæнонцæ, æнæнезæй, царди æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгути архайунмæ арæхсонцæ, уонцæ æгъдаугин… Æма син еци фадуæттæ дæр арæзт цæуонцæ, ци федауй, уæхæн бæрцæй.

Советон доги уой фæдбæл ци æма куд арæзт цудæй, уони нæ имисдзинан – фагæ сæбæл æрцудæй дзубандитæгонд æма лæдæрд æй, уæди рæстæгути бийнонтæбæл æма кæстæрти исонибонбæл ауодундзийнади берæ хуарздзийнæдтæ арæзт цудæй. Советон Цæдеси фехæлди фæсте еци бафæнзуйнаг гъуддæгутæ «нæуæг цардаразгутæмæ» нимади дæр нæбал адтæнцæ æма аци социалон ахсгиаг къабази уавæр бустæги исæдзæллаг æй.

Хуарз æма нури рæстæги хецаудзийнади 'рдигæй еци фарстатæмæ бæлвурдæй фулдæр æргом æздæхт цæуй. Еугæр нæ дзубанди ахури нæуæг анзи райдайæни æй, уæд, фиццагидæр, ба цубурæй зæгъæн, нæ республики ахуради къабази уавæри, ци нæуæгдзийнæдтæ си фæззиндтæй æма ма си фæззиннуйнаг æй, уой туххæй. Еугур гъуддæгути туххæй бæлвурд æрдзорун нин, æвæдзи, нæ бантæсдзæнæй, фал еумæйагæй нæ бон æй уотæ зæгъун, æма нæ республики ахуради къабази нуриккон домæнтæмæ гæсгæ райрæзтбæл хуæрзæрдæмæ ка фæззиндтæй, уæхæнæй нæмæ берæ арæзт æрцудæй.

Зæгъæн, базелуйнаг скъолати азгъунститæй кæцидæртæ цалцæггонд æрцудæнцæ, кæцидæрти ба тагъд рæстæги еци куститæ фæууодзæнæнцæ. Кæмидæрти æрцудæнцæ кенæ ба æрцæудзæнæнцæ арæзт скъолати нæуæг азгъунститæ. Зæгъæн, ахури аци анзи райдайæнмæ байгон уодзæнæнцæ дууæ нæуæгарæзт скъолай дæр. Еу – Дзæуæгигъæуи, уодзæнæй си 1000 бунати, иннæ ба – Мæздæги, уодзæнæй си – 500 бунати. Паддзахадон программити бундорбæл арæзт цæудзæнæнцæ ахуради системи ирæзти нæуæгдæр техникон фадуæттæ нимæдзон центртæ «Ирæзти тæлмити» бундорбæл. Нæ республики уодзæнæй дууæ æма дууинсæй уæхæн центри. Алли районти, сауæнгæ хуæнхаг фæзуæтти дæр сувæллæнттæн фадуат уодзæнæй еци центрти нæуæг техники фæрци сæ искурдиади гæнæнтæ раргом кæнунæн еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр.

Паддзахадон программитæ æма нацпроектти бундорбæл нæ республики нæуæг скъолатæ арæзт æма кæцидæр скъолати азгъунститæ ба ке цалцæггонд цæунцæ, уомæй уæлдай ма астæуккаг ахуради косæндæнтти ма фæззиндтæй берæ æндæр нæуæгдзийнæдтæ. Зæгъæн, игонгонд æрцудæй,, математикæ, физикæ æма химий наукити æнтæстгин къахдзæфтæ ка кæнуй, еци искурдиадæгин сувæллæнттæн сæрмагонд скъолатæ. Алли гъæугæ техникæй ефтонггонд æнцæ. Аци анз нæмæ фæззиндзæнæй нимæцон ахурадæ дæр. Еци ахурадæ устур агъаз æй сувæллони критикон æма креативон гъудикæнуйнади фæлтæрддзийнадæн.

Ку зæгъæн, нæуæгдзийнæдтæ нæмæ берæ фæззиндтæй ахуради æма кæстæрти гъомбæлади еугур къабæзти дæр. Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи арæзт цæуй Цæгат Кавкази суворовон училищей бæстихæйтти нæуæг комплекс. Уодзæнæй си ахурадон-административон азгъунст, фæлладуадзæн бæстихай, 620-бунатон хуæрæндонæ, уæлæнхасæн ахуради дæлхайадæ, спортивон комплекс. Уонæбæл исхарз кæнун багъудæй берæ фæрæзнитæ. Æма еци ихæс æхемæ райста Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министрадæ, арæзтадон куститæ дæр æнхæст кодтонцæ аци министради æфсæддон-арæзтадон дæлхайæдтæ. Подрядон организаций разамунд зæрдæ ивæруй, комплекси фиццаг къæпхæни куститæ хæстæгдæр рæстæги кæронмæ æнхæстгонд ке æрцæудзæнæнцæ, уомæй.

## АХУРАДИ УАВÆРТÆ ХУÆЗДÆРГОНД ГЪÆУАМА ЦÆУОНЦÆ...

Ахуради къабази уавæри, уæдта си фæстаг рæстæг ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй æма ма си фæззиннуйнаг æй, уонæбæл бæлвурдæй дзубанди цудæй æрæги аци къабази косгути республикон æмбурди. Уоми **БИТАРТИ Вячеслав** æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Нæ республикæ берæ национ проекттæ æма паддзахадон программити архайуй. Уони фæрци нæ социалон фарстатæ æнхæст кæнун нæ къохи æфтуйуй. Сæйрагдæр, сувæллæнтти ахурæн хъæбæр хуарз фадуæттæ аразун, цæмæй нуриккон техникон уавæрти къулумпидзийнæдтæ ма 'взаронцæ сæ ахури надбæл. Аци анз æ тухи бацæудзæнæй паддзахадон программæ «Земский учитель».бæлвурдæй æнхæст кæнуни фæдбæл куст

Нæ еугурдæр хуарз зонæн, абони гъæууон скъолати ахургæнгутæ ке нæ фагæ кæнуй, уой. Нури уæнгæ нæ республики Ахуради министрадæмæ еци программи архайуни фæдбæл курдиæдтæ балæвардтонцæ фондз æма инсæй адæймаги. «Земский учитель»-и вакансий бунæттæ ба нæмæ ес æхсæрдæс. Программи фæрци нæ къохи æфтуйдзæнæй искурдиадæгин ахургæнгути фулдæр бæрæг кæнун æма син фæсвæд гъæути кустæн еугур æнæмæнгæ гъæугæ уавæртæ аразун.

Æ радзубандий ма Битари-фурт фегъосун кодта еума ахсгиаг хабар:

– Аци анз нæ бæсти Президент Владимир Путини хæццæ фембæлди рæстæг, ахуради фарстатæбæл дзубанди кæнгæй, æрдзурдтан скъолати хуæрæндæнтти кустмæ никки лæмбунæгдæр цæстдаруни мадзæлттæбæл, скъоладзаутæн лæвар гъар æма хуæрзгъæдæ хуæруйнаг цæттæ кæнуни гъуддагбæл. Еугур хуæрæндæнттæ дæр нуриккон техникæй исефтонг кæнун æма уотемæй ирæзгæ фæлтæртæн аккаг уавæртæ исаразунбæл. Дзубанди цудæй, къæлæстæн разамунд ка дæттуй, уонæй алке миздбæл дæр федералон бюджетæй 5 мини бафтаун, регионалон бюджетæй ба – 2 мин соми. Аци феддонтæ фист цæудзæнæнцæ, куд уæлæнхасæн.

Нуртæккæ еугуремæй сæйрагдæр æй сувæллæнтти коронавируси тасдзийнæдтæй багъæуай кæнун. Æнæмæнгæ, æнхæст кæнун гъæуй «Роспотребнадзор» ци домуй, еци санитарон-эпидемиологон фарстатæ, дезинфекцигæнæн мадзæлттæ.

Бæлвурд дзубанди еци æмбурди рауадæй, еугуремæн дæр, уæлдайдæр ба скъоладзаути ниййергутæн, хъæбæр сагъæссаг ка 'й, еци фарстатæбæл – идарддæр нæ сабийти ахури фæткæбæл.

Куд зонетæ, уотемæй коронавируси фудæй ци уавæр исæвзурдæй, е уæлдай хъæбæрдæр фæззиндтæй ахуради къабази кустбæл. Æма нæ республики ахуради къабази косгути æмбурди архайгутæн видеоцæстæдарди фæрци арфæ ракæнгæй, Уæрæсей ахуради министр **Сергей Кравцов** загъта:

– Ахури анзи фæстаг дууæ мæйи скъоладзаутæ адтæнцæ идæрддзæф уавæри, æма берæ къулумпитæ бавзурстан. Е адтæй æнæнгъæлæги, æма нæ бæсти цæргути сагъæси бафтудта, скъолати традицион ахур ке нæбал уодзæ-



нæй, фал – идæрддзæф. Скъолатæ, куд кустонцæ раздæр дæр традицион бундорбæл, уотæ косдзæнæнцæ идарддæр дæр! Мадта ма цæмæн аразæн нæуæг скъолатæ?

Астæуккаг ахуради къабази райаразуйнаг гъуддæгути æмбæрцæ ма ахсгиаг æй, комкоммæ æхæццæ баст ка æй, уæхæн фарста дæр, кæций туххæй зæгъун гъæуй хецæнæй.

### АЛЦÆМÆЙ ÆНХÆСТ РÆВДАУÆНДОНÆ – САБИЙТИ ГЪОМБÆЛАДИ АХСГИАГ ФÆРÆЗНÆ

Скъоламæ цæуни кари ка нæма уидæ, уæхæн сувæллæнттæ кæмæн адтæй æма уотемæй ба косун ке гъудæй, еци ниййергутæ ма ’й хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, цæйбæрцæбæл батухсиуонцæ, сæ сабийти рæвдауæндонмæ раттуни равгæ си беретæн ке нæ уидæ, уой фудæй. Берæ рæстæгути дæргъи паддзахади ’рдигæй еци ахсгиаг фарстамæ гъæугæ æргом æздæхт нæ цудæй. Дзубанди дæр ибæл нæййес, е дæр лæгъузæрдæмæ фæббæрæг æй демографион уавæрбæл.

Раст зæгъгæй, еци фарста абони дæр æнхæстæй лухгонд кæд нæма æрцудæй, уæддæр, зæгъун æй гъæуй, фæстаг рæстæг ибæл зингæ ахедгæдæр



уæндæнттæ 2020 исаразуйнаг æнцæ Дигори райони цалдæр гъæуеми – Синдзигъæуи, Дур-Дури æма Николаевскæйи…

Исаразуйнаг гъуддæгутæ нерæнгæ ма берæ ’нцæ, уомæ гæсгæ ба хæдзардзинæй испайда кæнун гъæуй еугур цæйбæрцæдæр арæзт цæуй абони равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ. Зæгъæн, аллихузон мадзæлттæй агъазгонд цæуй æригон бийнонтæн, ниййергутæн æма сабийтæн. Фæстаг рæстæг ци сæрмагонд национ проекттæ æма дæлпрограммитæ федаргонд æрцудæнцæ, етæ хуарз агънуни фæдбæл, тæссагдзийнæдтæ райеуварс кæнуни æма сувæллæнттæ игуруни бæрцæ фæффулдæр кæнуни туххæй республикон бюджетæй уæлæнхасæн æхца радех кодтонцæ сувæллонгин бийнонтæн фæййагъази нисани хæццæ.

Æртæ æма фулдæр сувæллæнттæ еци-еу рæстæг ци бийнонти райгуронцæ, уонæн республикон бюджетæй раттунцæ субсидитæ цæрæнуат балхæнунæн. Иннæ уæлæнхасæн фæрæзнæ ниййерæги капитали республикон феддон – 50 мин соми - нури уæнгæ беретæ райстонцæ. Ес ма агъази æндæр мадзæлттæ дæр, зæгъæн, ниллæг проценттæбæл ипотекон æфстæуттæ дæттун. Банк «ВТБ»-й цæгаткавказаг филиалæн Дзæуæгигъæуи ци офис ес, е нерæнгæ равардта еу æма инсæй æфстауи – 53 743 мин соми, раздæр лæвæрд цуппар æфстауи бафедунæн ба искодта æнцойнæдзийнæдтæ.

«Сбербанк России»-й цæгатиристойнаг хайадæ ба льготи бундорбæл равардта æхсæз æма æртинсæй æфстауи – 122 595 мин соми.

Уой хæццæ ба зæгъун гъæуй уой дæр, æма нæ республики фулдæр ке кæнунцæ берæсувæллонгин бийнонтæ, е махæн, гъай-гъай, цийнæ æма сæрустурдзийнади хабар æй. Уой хæццæ ба ихæсгин дæр кæнуй – уæхæн бийнонтæн ахид сагъæссаг исунцæ сæ гæнæнтæ,

# ДÆ ИСОНИБОНИ ÆВÆСМОН УОДЗÆНÆ!..

архайд цæуй. Е бæлвурдæй бæрæг æй нæхе республики дæр – цæмæй нæмæ фагæ уа сувæллæнтти рæвдауæндæнттæ, уой туххæй зæрдæрохсгæнæг гъуддæгутæ æнхæстгонд æрцудæй æма цæуй. Кæмидæрти исаразтонцæ æма ма аразунцæ нæуæг рæвдауæндæнттæ, кæмидæрти ба, ка си ес, еци азгъунститæбæл уæлæнхасæн бæстихæйттæ æфтуд цæуй.



Аци ахсгиаг фарстай фæдбæл идарддæр дæр цæудзæнæй куст. Зæгъæн, сувæллæнтти рæвдаравгитæ æма гæнæнтæй. Æрхæсдзинан айдагъдæр еу дæнцæн. Паддзахадон рæвдауæндæнттæй уæлдай ма ес хецæн адæймæгути хъæппæресæй исконд рæвдауæндæнттæ дæр. Æма уонæй цуппаремæн, цæмæй анз æма æрдæгæй ба æртæ анзей уæнгæ кари сувæллæнттæн уæлæнхасæн цуппæрдæс æма æртинсæй бунати исаразонцæ, уой туххæй син федералон бюджетæй субсидити хузи лæвæрд æрцæудзæнæй фараст миллион сомей бæрцæ.

Еци субсидитæ дæттуни фæдбæл домæнтæй еу е æй, æма хецæн адæймæгути рæвдауæндæнтти ниййергутæй ци феддонтæ есонцæ, уони бæрцæ гъæуама фулдæр ма уа муниципалон æма паддзахадон рæвдауæндæнтти феддонти бæрцæй.

Муниципалон рæвдауæндæнттæмæ ради ка лæууй, уони бон уодзæнæй сæ сувæллæнтти хецæн адæймæгути рæвдауæндæнттæмæ бадæттун.

– Еци хабæрттæ еугурæй дæр æхцæуæн бæргæ ’нцæ, фал уой хæццæ ма уæддæр сагъæссагæй изайуй ахсгиаги-ахсгиаг фарста – демографион уавæр. Сосæггаг нæй, бæсти цæргути нимæдзæ минкъийдæргæнгæ ке цæуй, уомæ гæсгæ ба абони уæлдай сагъæссаг æнцæ демографий фарстатæ. Демографион уавæр фæрræвдзæдæр кæнунæн паддзахади ’рдигæй ци гъæуй, е уæддæр еуаз æнцæ сувæллонгин бийнонтæн.

Сувæллонгин бийнонтæн агъази хузи федералон бюджетæй алли мæйæ дæр æрвист цæуй æхцай фæрæзнитæ. Еу феддон – 10280 соми – фист цæуй фæккæсуйнаг бийнонтæн, нæуæгигурд сæмæ ку фæззинна, кенæ сувæллон гъомбæл кæнунмæ ку райсонцæ, уæд. Дуккаг феддон – 10087 соми алли мæйæ дæр – фист цæуй, бийнонтæн æртиккаг æма ма æ фæсте никки фулдæр сувæллæнттæ ку райгура, уæд. Феддонтæ есдзæнæнцæ, цалинмæ сувæллонбæл æртæ анзи не ’сæнхæст уа, уæдмæ.

### БИЙНОНТÆБÆЛ АУОДУНÆЙ ЦАРД ТУХГИНДÆР КÆНУЙ…

Фарæ нæ республики 5800 бийнонти агъази хузи райстонцæ 744 миллион сомемæй фулдæр. Уой фæрци «Сувæллæнтти райгурди рæстæг бийнонтæн финансон агъаз», зæгъгæ, регионалон проекти 2020 анзæн нисангонд бæрæггæнæнтæ æнхæстгонд æрцудæнцæ. Фиццаг сувæллон ци агъазгъæуагæ 4303 бийнонтемæн фæззиндтæй, уонæн федералон бюджетæй фагæ æхца дехгонд æрцудæй. Раздæри бацæттæгонд бардзурдмæ гæсгæ гъæуама агъазгонд æрцудайдæ 1230 бийнонтемæн, фал ма хигъдмæ æфтуд æрцудæнцæ никкидæр ма 3073 бийнонти. Багъæудзæнæй син 665 742 мин соми, нури уæнгæ бал син бафистонцæ 222 530 мин сомемæй фулдæр, идарддæр дæр куст цæуй.

Æртиккаг æма æ фæсте райгургæ иннæ сувæллæнтти туххæй, цалинмæ сæбæл æртигай æнзтæ не ’сæнхæст уа, уæдмæ 5028 бийнонтемæн æхца федунцæ. Аци бийнонти къуари дæр адтæй 1018 бийнонти, фал ма сæбæл бафтудæй 4010 бийнонти. Аци гъуддаги бафедуйнæгтæн гъæуй 453 533 мин сомемæй фулдæр, нури уæнгæ бал фист æрцудæй 296 252 мин сомемæй фулдæр, иннæ хай дæр бийнонтæмæ хъæртдзæнæй. Федералон проекти барæнтæ исæнхæст кæуæлдайдæр ба цæрæнбунати фарста. Уомæ гæсгæ нæмæ цалдæр анзей размæ нæуæггонд æрцудæй берæсувæллонгин бийнонтæн аци гъуддаги фæййагъаз кæнуни фæрæзнæ, республикон бюджети дæр бæлвурдгонд æрцудæнцæ гъæугæ хæрзтæ. Æртæ æма уомæй фулдæр сувæллæнттæ ци бийнонти райгурдæй, кенæ æртæ æма уомæй фулдæр сувæллони гъомбæл кæнунмæ ка райста, еци бийнонтæн е æй уæлæнхасæн социалон агъаз. Уой фæдбæл фæййагъаз кæнуни туххæй 2016 анзи 12 апърели республики Хецауадæ рахаста сæрмагонд унаффæ. Сертификаттæ ба дæттун райдæдтонцæ 2017 анзи. Берæсувæллонгин бийнонтæн агъаз кæнуни фæдбæл 2017 æма 2018 æнзти республикон бюджетæй дехгонд æрцудæй 16,5 миллион сомей бæрцæ. Цæрæнуати сертификати хузи етæ лæвæрд æрцудæнцæ, уомæй размæ æртæ фазони кæмæн райгурдæй, дæс уæхæн бийнонтемæн. 2019 анзи цæрæнуати сертификаттæ – 7 миллиони æмæ 527 мин сомей аргъ – лæвæрд æрцудæнцæ цуппар бийнонтемæн. Æрæги ба уæхæн сертификаттæ лæвæрд æрцудæй еума дууæ бийнонтемæн. Аци анзи кронмæ ма сертификаттæ лæвæрд æрцæудзæнæй, адæмæн социалон агъази косæндæнтти хигъди ка ’й, цуппар уæхæн берæсувæллонгин бийнонтæн.

Аци гъуддаг агъазиау æй айдагъ уомæй нæ, æма кæцидæр бæлвурд бийнонтæн агъазгонд æрцæуй, фал ма ин ес разæнгардгæнæг нисанеуæг дæр – кæдимайди ба уомæй дæр æригон ниййергутæ нифсгун кæнонцæ берæсувæллонгин бийнонтæ аразунмæ. Цæмæй нæ Иристони фулдæрæй-фулдæр кæнонцæ кæстæртæ, нæ Фидибæсти кадæ æма намус уодварни хæзнай хузæн кæмæ ратдзинан æма сæхе арфиаг гъуддæгутæй нин нæ адæми кадæ æма фарнæ ка гъæздугдæр кæндзæнæй, уæхæн фæлтæртæ нæмæ гъæйттæй куд ирæзонцæ.

***Аци æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светæ.***



*ССР Цæдеси спорти мастер, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй дуйней дууæ хатти чемпион Дзгойти Таймораз: «Зундгонд куд æй, уотемæй Бекмæрзти Михал устур спорти зин нæдтæбæл ранæхстæр æй мæ фидæ, зундгонд гъæбесæйхуæцæг æма тренер Дзгойти Аслæнбеги разамундæй. Æма куд нæ уон сæрустур, æгайтима мæ фиди фæрци ке фæррæствæндаг æй, уомæй. Михали имисгæй ба*

**БЕКМÆРЗТИ Гаврили фурт Михал...Советон Цæдеси, УСФСР-и, Узбекистани ССР-и æскъуæлхт тренер, ССР Цæдеси спорти æскъуæлхт мастер, ССР Цæдеси Адæмти спартакиади дууæ хатти æма Советон Цæдеси чемпион, Уæрæсей Федераций æхсæз хатти уæлахездзау, дуйней чемпионати æвзестæ призер, ГАНЕФО-й гъæзтити архайæг иристойнаг богæлттæй айдагъ уомæн бафтудæй æ къохти фæуууæлахез ун. Уомæй уæлдай – берæ дуйнеуон турнирти уæлахездзау. Идарддæр ма нимайæн?.. Махмæ гæсгæ, ци ранимадтан, етæ дæр фагæ ʼнцæ, цæмæй уин бæлвурдæй бæрæг уа, еци хуæрзеугутæй ка фæххайгин æй, еци адæймаг цæйбæрцæбæл искурдиадæгин адтæй æма цæйбæрцæбæл агъазиау æскъуæлхтдзийнадæй фæццитгиндæр кодта Иристони спортивон кадæ. Абони ʼй имисгæ ба уомæ гæсгæ кæнæн, æма æрæги, 30 августи Бекмæрзи-фурти райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1930-2013).**

**Бекмæрзти Михал нæ национ спортивон анзфинсти æносонгонд æрцудæй, куд æ рæстæги «æцæг танк», зæгъæ, ке худтонцæ, тухгæнæг тухæ кæмæн нæ ирдта. Уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти сосæгдзийнæдтæ æ фондз æнгулдзи хузæн ка зонуй, берæ зундгонд чемпионти ка исгъомбæл кодта, ирон спорти туруса дæсгай æнзти дæргъи кади хæццæ сæрустурæй ка фæххаста, æ фæсте фæнзуйнаг кæстæртæ æма уони кæстæртæ ка ниууагъта, рæсугъд, парахатзæрдæ ке реуи тæлфтæй уæхæн адæймаг æма номдзуд спортивон архайæгæй...**


БЕКМÆРЗТИ Михал

## БЕКМÆРЗТИ Михал:

# «ГОРЦЪЕМÆ РАЦУДТÆ – УÆД ТОХЕФТОНГÆЙ!..»

Æ рæстæги Бекмæрзти Михали туххæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити берæ аллихузон зæрдæмæдзæугæ æрмæгутæ фæззиннидæ. Уони ʼхсæнæй абони равзурстан еу – журналист Цомайти Ростислав Бекмæрзти Михали хæццæ фембæлгæй, ци интервью бацæттæ кодта, уой. Е адтæй 2008 анзи августи.

Рагацау æй зæгъæн, уæд сæ дзубандий рæстæг Михал ци зæрдæхсайгæ фарстати туххæй загъта æ гъудитæ, уонæй кæцидæрти фæдбæл фæстæдæр гъæугæ мадзæлттæ арæзт æрцудæй, æма нур уавæр уоййасæбæл зæрдæлдзоргæ нæбал æй...

Хъæбæр зин æй уотид зæгъун дæр, фал, гъулæггагæн, абони Михал дæр æмæ Ростислав дæр не ʼхсæн нæбал æнцæ… Рохсаг уæнтæ, æма син не ʼСфæлдесæг рохс дзенети уодæнцойнæдæр бунæттæ исаккаг кæнæд...

Мах ба, Бекмæрзти Михали райгурдбæл дæс æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уомæ гæсгæ ин æ ном æримисун исфæндæ кодтан, уæд се ʼхсæн ци рæсугъд дзубандитæ фæккодтонцæ, уонæй.

Михал еудадзугдæр æ цæстингас дардта, æ цард кæмæн иснивонд кодта, спорти еци хузæмæ – уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстмæ. Цийнæ кæнидæ иристойнаг богæлтти уæлахезтæбæл, гъенцъун кæнидæ сæ къулумпидзийнæдти фæдбæл.

Цомайти Ростислави хæццæ ба дзубанди кодтонцæ Пекини ку рахецæн æнцæ XXIX Олимпаг гъæзтитæ, раст гъе уой хуæдфæсте. Æма сæ дзубанди уонæй куд нæ райдæдтайуонцæ!..

**– Нæ биццеути бæрæггæнæнтæ дæмæ, Михал, куд фæккастæнцæ?**

– Раст ку зæгъон, уæд зæрди фæндæуагæ нæ рауадæнцæ, – загъта, минкъий фæммæтъæл уогæй, Бекмæрзи-фурт. – Ке зæгъун æй гъæуй, уотæ нæ рауадæнцæ сæ гъуддæгутæ, уоми еуцæйбæрцæдæр ес сæхе фудтæ дæр. Хонсар Иристони ци фудбæлæхтæ æрцудæй, ка ʼй зонуй, уони фудæй дæр фæкъкъехгомау æнцæ... Фал æз уотæ гъуди кæнун: еугæр горцъемæ рацудтæ, уæд тохефтонгæй гъуди кæнун гъæуй айдагъдæр фæуууæлахезунбæл. Дæ нихмæлæуууæг дæуæй хъаурæгиндæр ку уа, уæд гъуди кæнæ, кудæй ибæл фæттухгиндæр уай, куд æй фæссайай, уобæл. Гъома, еунæг хъаурæ нæ, фал зундæй дæр гъæуй архайун. Æма уæд дууæ хатти хъаурæгиндæр дæ.

Ракæсай, Фадзайти Арсен, Хæдарцати Махар, Андиати Сослан куд аразтонцæ сæ архайд, уомæ. Етæ берæ æнзти дæргъи сæ уæзти искаст некæмæн лæвардтонцæ. Сæхебæл некæд фенвæрстæнцæ, олимпаг чемпионтæ уогæй дæр. Æма абони фæлтæр гъæуама уони фæнза. Уæд син бантæсдзæнæй устур уæлахезтæ дæр.

Иннæ уæхæн, ресагæ фарста. Нæ биццеутæ æндæр паддзахæдти кадæ ке гъæуай кæнунцæ, е. Гъомбæл сæ мах искодтан, нæ хед сæбæл мах фæккалдтан, хуæрзеугутæ ба æндæр кæмæндæр хæссунцæ.

Еу гъуддаг ма мæмæ бустæги раст нæ кæсуй. Таймазти Артур иссæй Олимпаг гъæзтити дууæ хатти уæлахездзау! Е кæбæлти æнтæстдзийнадæ æй. Фал… Узбекистани еугонд команди рæнгъити. Æма цума нæхе нæй, уотæ имæ дарунцæ сæ гъос уæрæсейаг дзиллон информаций фæрæзнитæ. Е ба æй Бæгъатæр. Иристони Бæгъатæр. Уомæ гæсгæ ин гъæуама уа æгæрон кадæ æма намус. Нурма æригон æй Артур, нифс имæ ес, æ цуппæрæймаг Олимпиадæмæ дæр ке рандæ уодзæнæй æма Иристони дæр Олимпаг гъæзтити æртæ хатти чемпион ке фæззиндзæнæй, уомæй. (РЕДАКЦИЙÆЙ: Михали еци бæлдæ исæнхæст æй – Таймазти Артур æртиккаг хатт иссæй олимпаг чемпион. Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма е ʼртæ сугъзæрийнæ олимпаг майдани хæццæ ма имæ ес æвзестæ майдан – райста æй 2000 анзи Сиднейи Олимпаг гъæзтити). Уомæн æма Иристон рагæй æй еци кади аккаг. Хæдарцати Махари ма уомæ минкъий гъудæй, фал… Фæндгæ нæ берæ цидæртæ бæргæ фæккæнуй, фал уой нæ гæнæнтæ алкæд нæ фæййамонунцæ.


Иристойнаг америкдзаутæ. Галеуæрдигæй бадуй Бекмæрзти Гаврил. Штат Аляскæ. 1912 анз.


Рахесæрдигæй лæууй Зæгæлти Мария – Бекмæрзти Михали мадæ. Астæуæй ба бадуй Марияйæн æхе мадæ. Къæмунтæ. 1912 анз.


Бекмæрзти Михал. 1948 анз. Уæд уæзæгтæласæг хуæдтолгæбæл куста Садони комбинати.

Цæгат Иристони адæмон поэт, Цæгат Иристони æма Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæг Томайти Адæ Бариси кизги райгурдбæл 2 сентябри æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи (1940-2019).

***мæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма адæмæн кæд еске ескæд уарзон адæймаг адтæй, уæд сæ фиццагдæртæй Михали нимайун æнгъезуй, нимадтонцæ ’й æма ин кадæ кодтонцæ. Æма нæ ихæс æй – цæмæй æ ном иронх макæд уа, цæмæй нуриккон æма исонибони æригон фæлтæртæ Бекмæрзти Михали хузæн, нæ разагъди лæгти фæнзонцæ, нæ цитгин Иристон никки кадгиндæр кæнонцæ!..»***



Цæгат Иристони гъæбесæйхуæцгути еумæйаг командæ Япони гъæбесæйхуæцгути хæццæ фембæлди рæстæг (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ДЗВАРАСАТИ Саукуй, МÆРЗАГАНТИ Харитон, ДЗÆХСОРТИ Таузбек, БЕКМÆРЗТИ Михал, Владимир СИНЯВСКИЙ, Геронтий ЦИКЛАУРИ, Степан КАЗАРЯН, МИРЗОЙТИ Дзантемур.

**– Михал, спорти надбæл ба куд ниллæудтæ, ка дæ исразæнгард кодта уомæ?**

– Цубурдзурдæй, ахур кодтон Дзæуæгигъæуи шоферти къурситы. Еууæхæни бафтудтæн, Маркуси гъæунги ци спортивон зал адтæй, уордæмæ. Фæууидтон, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй си куд тренировкæ кодтонцæ, уой. Ци æй римæхсун, мæ зæрдæмæ фæццудæй биццеути архайд. Æма бабæй дуккаг бон дæр уордæмæ мæ цуд исаразтон. Æфсæрмитæгæнгæй мæхе байстон тренер Суменати Керменмæ æма, æргом бакæсун дæр имæ не ’ндиудтон, уотемæй ин загътон, мæн дæр богал исун ке фæндуй, уой. Сумени-фурт мæмæ лæмбунæг бакæститæ кодта æма мин загъта, цæмæй тренировкитæмæ цæун райдайон.

Гъе уотемæй райдæдта устур спортмæ мæ над. Раст зæгъгæй, фиццаг бæнтти ми голлаги хузæн фæгъгъазиуонцæ, гъæбесæй хуæцгæ мин ке хæццæ рауайидæ етæ – мæнæй «ахургонддæр» адтæнцæ еци гъуддаги. Фал еци «голлагæ» тренери домæнтæ зæрдиагæй æнхæст кæнун ку райдæдта, уæд е дæр фæддæснидæр æй... Æма син æнцонтæй нæбал кумдтон æмпурсун.

Еуæй-еуетæмæ уотæ кæсуй, гъома, богал исунмæ берæ нæ гъæуй. Æма уомæй раст æнцæ: богал исунæн, æцæгæйдæр, берæ нæ гъæуй, фал æцæг æма дæсни богал цæмæй исуай, уой туххæй ба берæ хедвæллойнæ, берæ хъауритæ исхарз кæнун æма арф зонундзийнæдтæ райсун гъæуй.

Æма æз дæр мæхебæл нæ аурстон, мæ арæхстдзийнæдтæ фæббæрзонддæр кæнунбæл архайдтон æновудæй æма зæрдиагæй. Уæдмæ бафтудæнцæ мæ къохи фиццаг спортивон æнтæститæ дæр. Ме ’муæзонти ’хсæн цалдæр хатти раззагдæр бунæттæмæ рацудтæн республики, Уæрæсей æма нæ бæсти чемпионатти.

Æз хуæстæн æрдæгастæуккаг уæзи. Аци уæзи нæ бæсти еугонд команди æз нимад адтæн тæккæ хъаурæгиндæрбæл. Уомæ гæсгæ мæ бакодтонцæ еугонд командæмæ дæр, æма гъæуама 1960 анзи гъæуай кодтайнæ нæ бæсти кадæ Рими Олимпиади. Еци бæрнон ериcтæмæ мæхе цæттæ кодтон хъæбæр зæрдиагæй.

Фал еуæй-еу хатт спорти медæгæ дæр фæззиннунцæ галеу, хæран миутæ. Олимпиадæмæ цæугæй мæ хæццæ еци ериcтæмæ рарвистонцæ ме ’муæзон гурдзиаг богал Балавадзей дæр. Хуæдтæхæги Риммæ ку тахтан, уæд нæ сæйраг тренер Купцови бафарстон, Балавадзе ба нæ хæццæ цæмæн тæхуй, æз æй уой размæ цалдæр хатти ку рамулдтон, уæдта еугонд командæмæ мæн ку бакодтонцæ, зæгъгæ. Æма мин е равардта уæхæн дзуапп: «Фæндуй æй нæ гъæбесæйхуæстмæ бакæсун. Нæ хæццæ тæхуй куд турист».

Æз бауæндтæн тренери дзурдтæбæл æма фæффедар æй мæ зæрдæ. Фал еристи ка архайдзæнæй, уони номхигъд ку бакастæн, уæд мæ кой не ’скодтонцæ. Ме ’муæзонти ’хсæн уордæмæ бахастонцæ «турист» Балавадзей. Бæргæ ма агурдтон рæстдзийнадæ, фал мæмæ ка игъуста. Мæстæй мæ зæрдæ ниддор æй. Еу рауæн мæхецæн бунат дæр нæбал ирдтон, мæ цæститæ дони зилдæнцæ, уотемæй мæтъæлæй кастæн ериcтæмæ. Мæ сæрæй ба нæ хецæн кодта еу гъуди: «Æз еци Балавадзей æнцонтæй ку рамулдтон, уæд æй ериcтæмæ цæмæн рарвистонцæ, цæмæн мæ фæффудевгед кодтонцæ?.. Нæ зонун… Нæ зонун…»

… Æма, мæнæ Балавадзе рацудæй горцъемæ. Цæугæ бæргæ нифсхаст æма рæсугъд ракодта, фал… Олимпиади байахæста... айдагъдæр... еуæндæсæймаг бунат...



**БЕКМÆРЗТИ Михали (астæуæй) рагъи бадуй япойнаг богал Масааки КАНЭКО, æ фæйнæфарсеми ба лæуунцæ гурдзиаг богалтæ Вахтанг БАЛАВАДЗЕ æма Георгий СХИРТЛАДЗЕ.**

**– Уой фæсте, миййаг, дæ нифс нæ расастæй, Михал, горцъебæл дæ зæрдæ æййевун нæ байдæдтай?**

– Нæ. Е нæ, фал мæхебæл никки зæрдиагдæрæй кустон. Уой фæрци мæ къохи æфтудæнцæ нæуæг æма нæуæг спортивон æнтæститæ. Некæд ми феронх уодзæнæй 1963 анз. Уæд æз ме ’муæзонти ’хсæн индийаг сахар Джакартæйи исдæн ГАНЕФО-й гъæзтити чемпион. Етæ адтæнцæ хъæбæр устур ериcтæ. Архайдтонцæ си дуйней дууинсæй бæсти командитæ.

Фæстæдæр мæ бафæндадтæй мæ хъауритæ уæззау уæзи дæр бавзарун. Фал мæ уæзæ 73 килограммемæй уæлдæр нæ хизтæй. Гъема цæмæй мæ уæзæ 98 килограммемæ исхъæрдтайдæ, уой туххæй ме ’мбæлттæй еуемæн (къохæй хъæбæр дæсни адтæй) искæнун кодтон, æ уæзæ 25 килограмми кæмæн адтайдæ, уæхæн спортивон ронæ. Уой мæ астæубæл æрбабастон æма уотемæй спортивон уæледарæси мæхе ериcти агъоммæ рабарстон. Тренертæй мæмæ беретæ дузæрдуггæнгæ æрбакастæнцæ, гъома, аци цубуртæарæзт æлвæст биццеу уойбæрцæ кæцæй ласуй, зæгъгæ. Æма бабæй син æз дæр гъазгæй загътон: «Ирон биццеутæ стæгæй уæззаудæр æнцæ…»

Уæззауууæзонти нихмæ хуæцунмæ ку рацудтæн, уæд мæ нихмæлæугутæй берæ минкъийдæр ке зиндтæн, уомæ гæсгæ мæ гъавтонцæ æнцонтæй рампурсун, фал сæ сæ фæндитæ фæссайдтонцæ. Уæззауууæзонти ’хсæн хуæцгæй, еу хатт исдæн нæ бæсти чемпион гъæууонхæдзарадон институти ’хсæн ериcти, иннæ хатт ба райстон дуккаг бунат.

**– Тренери кустмæ ку рацудтæ, уæдæй фæстæмæ берæ зундгонд богæлттæ исгъомбæл кодтай. Æнцон æй тренери куст?**

– Тренербæл хъæбæр берæ ихæстæ æвæрд ес. Фиццагидæр, е æ гъомбæлгæнуйнæгтæн байгон кæнуй устур над устур спортмæ. Тренерæн нæййес нæдæр рæдуйуни, нæдæр ба æнæраст цæстфæлдахæн миутæ кæнуни барæ.

Е гъæуама æ гъомбæлгæнуйнæгтæн фæнзуйнаг уа алли гъуддаги дæр. Уой хæццæ тренер гъæуама æ гъомбæлгæнуйнæгти айдагъ спорти дæсниади техники сосæгдзийнæдтæбæл ма ахур кæна, фал – рæстдзийнадæбæл, кæдзосзæрдæ унбæл æма Райгурæн бæстæ уарзунбæл.

Еума хатт æй зæгъун – спорти гъæуама бунат ма уа æнæраст миутæн, хийнæдзийнæдтæн. Етæ спортæй гиризгъдонæ аразунцæ. Уæхуæдтæ ’й куд нæ зондзинайтæ: адтæй уæхæн рæстæг æма æмбæлгæ аргъ нæ кодтонцæ нæ Иристони зундгонд спортсментæн. Сæ арæхстдзийнадæ æнхæстæй равдесунæн син гъæугæ уавæртæ нæхемæ кенæ нæ адтæй, уомæ гæсгæ нæ зундгонд богæлттæ ардигæй фесхъæтæг æнцæ, æндæр рауæнтæмæ цæугæ син рауадæй, гъæуай кодтонцæ æндæр республикити æма сахарти кадæ.

Æз мæхуæдæг берæ æнзти тренерæй фæккустон Астæуккаг Азий. Мæ хъауритæ æма зонундзийнæдтæ куд амудтонцæ, уотæ гъомбæл кодтон, мæнмæ Иристонæй ци биццеутæ æрæфтудæй, уони. Се ’хсæн абони ес берæ зундгонд богæлттæ. Уони хæццæ – дуйней, Олимпаг гъæзтити цалдæр хатти чемпионтæ Фадзайти Арсен, Хæдарцати Махар, Аслан (рохсаг уæд) æма æндæртæ. Æз кæддæриддæр зæрдæй фæццийнæ кæнун, мæ къохтæй ци зундгонд богæлттæ рацудæй, уонæй алке спортивон æнтæстдзийнадæбæл дæр.

Нæ республикæй 1961 анзи Уæрæсей уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй ци биццеутæ архайдтонцæ, етæ Хельсинки архайдтонцæ дуйнеуон ериcти æма нæ республикæмæ æрбаластонцæ дæс сугъзæрийнæ майдани. Цуппар анзей фæсте ба Иристони къуæттити скъолай минæвæрттæ Вашингтони дуйнеуон чемпионатæй исластонцæ еуæндæс сугъзæрийнæ майдани. Уой фæсте дæр ма берæ сугъзæрийнæ майдантæ райстонцæ мæ гъомбæлгæнуйнæгтæ бæсти æма дуйнеуон чемпионатти архайгæй.

**– Ци бакæнун гъæуй, цæмæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти хузæ нæ республики амæйфæстæмæ дæр нæ республики размæ федар æма æндиуд къахдзæфтæ кæна, уой туххæй.**

- Фиццагидæр нæ тренерти агорун гъæуй исонибони чемпионти нæ гъæууон биццеути ’хсæн. Уой ба уомæн зæгъун, æма нæ республики уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти евгъуд истори куд æвдесуй, уотемæй нæ зундгонддæр богæлттæ рацудæнцæ гъæутæй. Уони хæццæ ’нцæ: Дзарасати Саукуй, Хъулати Бадзи, Дзгойти Аслæнбег, Дзахсорати Таузбег, Тедети Елхъан, Фадзайти Арсен, Хæдарцати Махарбег æма Аслан æма берæ æндæртæ.

Уомæ гæсгæ нæ тренертæ гъæуама гъæутæмæ ахиддæр цæуонцæ. Уоми агорун гъæуй, исонибони нæ номдзуд богæлтти ка раййевдзæнæй, уæхæн биццеутæ. Никки фæгъгъомусгиндæр кæнун æма ахиддæр аразун гъæуй районти æма республикон ериcтæ уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй.

Мæнæн ме ’нæнездзийнадæ минкъий еуцæйдæрбæрцæдæр фæккиудтæй, уæддæр мæ фæндуй, зæгъæн, Дигори районы уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгути къуар исаразун. Хъæбæр зин мин æй, уæхæн устур районæй фæстаг рæстæги еу зундгонд богал дæр ке нæбал рацудæй, е. Нæ иннæ тренертæн дæр мæ уой зæгъун фæндуй, цæмæй республики районтæмæ дæр раздахонцæ се ’ргом æма æмхъауритæй бацæттæ кæнæн, Иристони хестæр богæлтти фæлтæр ка раййевдзæнæй, уæхæн сагсор биццеути.

***

… Бекмæрзти Михали хæццæ фæдздзубандитæ кæнуни фæсте Цомайти Ростислав ци æрмæг бацæттæ кодта, уомæн искодта мæнæ ауæхæн кæронбæттæн:

«… Куд аллихатт, уотæ бабæй абони дæр бадуй Терки билгæрон зундгонд тренер Бекмæрзти Михал. Бадуй æма цæбæлдæр арф гъудитæ кæнуй. Цума цæбæл æй æ сагъæс? Кæд, миййаг, е ’ригон бæнттæ æрлæудтæнцæ æ зæрдæбæл?! Кенæдта, нæ Иристони исонибон циуавæр уодзæнæй, цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæ си уодзæнæй цардарæзт нæ ирæзгæ фæлтæртæн?.. Ка ’й зонуй…

Фал еу æй, æнæмæнгæ, Михали фæндуй, цæмæй Иристони цард цæмæй нæ фæсевæд уонцæ лæгигъæдгун, уа син равгитæ сæ арæхстдзийнæдтæй æскъуæлхунæн спорти дæр æма царди иннæ къабæзти дæр цæмæй уонцæ æгъдаугин æма фæнзуйнаг...»

Нæ курухон хестæри аци гъудитæмæ гæсгæ нæ Исфæлдесæгæй корæн: Михал абони цардæгас кæд нæбал æй, уæддæр ин æ аци кувд æхемæ райсæд æма нæ кæстæрти царди гъуддæгути исæцæг уæд!..

Номдзуд бæхбæлбадæг-акробат, каскадер Тимофеев-Додтойти Петр Диамиди фурти райгурдбæл 5 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1930-1993).

***Номдзуд немуцаг ахургонд æма æхсæнадон архайæг Готфрид Вильгельм Лейбницæн (1646-1716) кæддæр ин е ’рдхуæрдтæ æ игурæн бонмæ балæвар кодтонцæ æ бюст, кæнгæ ба ’й искодта номдзуд скульптор. Лейбниц имæ берæ фæрракæсæ-бакæсæ кодта, уæдта дестæгæнгæй загъта: «Мадта, зæгъетæ, айæ, алли бон ке дасун, еци цæсгон æй?..»***



## АБАЙТИ ВАСОЙ НОМЕРÆНÆН

Куд зонæн, утемæй 2020 анзи декабри Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй устур уæрæсейаг ахургонд, иранист æма этимолог, профессор Абайти Васой райгурди 120 анзей кадæн мадзæлттæ.

Уой фæдбæл æрæги сæрмагонд Указ бафинста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг БИТАРТИ Вячеслав. Еци Указæй арæзт æрцудæй юбилейон мадзæлттæмæ цæттæгæнæг комитет. Уой сконди æнцæ хецаудзийнади æнхæстгæнæг оргæнти косгутæ, наукон æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ.

Фембæлди архайгутæ лæмбунæг æрдзурдтонцæ ахургонди райгурди 120 анзей кадæн мадзæлтти рагагъоммæ пъланбæл. Нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ куд игъосун кæнунцæ, утемæй нисангонд цæуй, берæ аллихузон зонадон-рохсадон æма номерæн мадзæлттæ исаразун. Зæгъæн, Абай-фурти наукон кустити æртæтомон киунуги рауагъд, æригон ахургæндтæ æма студентти наукон-практикон конференци, ахургонди цард æма архайди туххæй лекцити цикл, номерæн уроктæ скъолати, дуйнеуон наукон конференци «Абай-фурти кадæн бакаститæ» æма утæ идарддæр. Сæрмагонд исфæлдистадон къуæрттæ исесдзæнæнцæ документалон кинонивæ æма бацæттæ кæндзæнæнцæ телеуинунади равдиститæ Васой царди æма наукон исфæлдистади туххæй.

Юбилейон мадзæлтти зингæдæр цау исуодзæнæй, Абай-фуртæн Дзæуæгигъæуи циртдзæвæн ке исæвæрдзæнæнцæ, е.

Цæттæгæнæг комитети иуонгтæ æркæсдзæнæнцæ зундгонд ахургонди юбилей аккаг хузи исбæрæг кæнуни фæдбæл æхсæнади минæвæртти иннæ хъæппæрестæ æма фæндæнттæмæ дæр.

# АРФÆ ЦЪУХÆЙ ЦÆУЙ, ÆМБÆЛГÆ БА ЗÆРДÆБÆЛ КÆНУЙ!..

## Арфитæ БАЙТИ-ТОХСУРТИ Руслани кизгæ Элинæн



Ахургæнæги хори цæдесон фæххонунцæ. Уомæн æма е хори туни хузæн батавуй, зонундзийнæдти устур галауани дуæрттæ кæмæн байгон кæнунцæ, еци скъоладзаути. Етæ рабалци кæнунцæ, адæймаг царди нæдтæбæл цæй фæрци æрлæудзæнæй, еци зонундзийнæдти дуйнемæ. Кæстæрти раз ибæл ци арфæйаг ихæс æвæрд ес, уой хуарз лæдæруй нæ дзæбæх киндзæ æма бийнойнаг Байти – Тохсурти Элинæ. Е аци анз æнтæстгинæй каст фæцæй Хетæгкати Къостай номбæл Цæгат Иристони Паддзахадон университет педагогики æма психологийи факультет. Аци ахури анзæй райдайдзæнæй æ балци рохс тауни надбæл, куд райдайæн кълæсти ахургæнæг, уотæ Дзæуæгигъæуи 50-аг астæуккаг скъолай. Ахургæнæг скъоладзауæн æ дуккаг мадæ ’й, фæззæгъунцæ.

Элинæ, нæ зæрдæ дин зæгъуй, ци хори хузæн сабийти размæ æрлæууай, уонæн де ’гъдауæй, арф æма берæвæрсуг зонундзийнæдтæй, зæрди уозæлгæ уодикондæй æцæгæйдæр дуккаг мади адæ куд искæнай. Де скъоладзаути цийнæ æма цæстити цæхæр ба дæбæл разæнгардгæнæн базуртæ куд садза, æма дæ арфæйаг кусти къæпхæнгай, еу æнтæстæй иннемæ сæрустурæй куд цæуай, уой дин нæ цæстæ уарзуй.

Нæ уарзон Элинæ! Кæстæрти зæрдити рохс тауни надбæл хуæздæр æнтæститæ ке къохи бафтудæй, уони æмбал дæ Хуцау æма Мади Майрæм фæккæнæнтæ! Дæ дæсниади ци æнтæстдзийнæдтæ ’вдесай, уонæй Тохсуртæ æма Байтæн сæрустурдзийнади хуасæ куд уай, дæ кустамонди нади æнтæстдзийнæдтæн ба мах хуарз æвдесæнтæ куд уæн, еци хуарзæнхæ дæ бийнонти, хæстæгути æма къабæзти уæд!

***Аци арфитæ Элинæн кæнунцæ æ уарзон хеуæнттæ.***

## Арфитæ ТЕКЪОТИ Лазæри фурт Казбекæн



Нæ хъазар Казбек! Абони, фиццаг сентябри æй дæ райгурæн бон, уой дæр хумæтæги райгурæн бон нæ, фал юбилейон – исæнхæст дæбæл æй æртинсæй анзи!.. Дæ цардвæндаги æртинсæй анзи дæхердигæй ке фæцæнцæ, е дессаги равгæ æй уонæн сæ бæрци бæрзондæй сæмæ ракæсун æма, циуавæр æй сæ фарнæ, уой дæхе хинцфарстæй исбæлвурд кæнунæн. Æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, хъæбæр берæ-берæ цæмæйдæрти си дæ зæрдæ ке барохс уодзæнæй, берæ кæмæйдæртæй – хеуæнттæй дæр æма зонгитæй дæр - боз ке уодзæнæ, æгайтима дæ фарсмæ дæ царди гъуддæгути æмцуд кодтонцæ æма кæнунцæ, нифсгун си адтæ æма ма си дæ, уомæн æма багъæуаги бавдесунцæ сæ рæстуоддзийнадæ. Æма син ду дæхуæдæг дæр еци хузи нифсдæттæг дæ. Æма уомæй хуæздæр ба ма ци ес царди!..

Уомæ гæсгæ ба хъæбæр æхцæуæн нин æй абони дæуæн дæ цитгин райгурæн бони фæдбæл зæрдиаг арфитæ ракæнун! Нæ зæрдæ дин берæ алæмæттаг хуарздзийнæдтæ зæгъуй, уомæн æма нæ хъæбæр фæндуй, дæ царди цæмæ бæллис æма дин зæрдтагон ци нисантæ ’нцæ, уонæмæ тундзгæй, дæ развæндагбæл цæмæй уа æнцондæр цæуæн, цæмæй уонцæ дæ къахдзæфтæ рæстаг, цæмæй кæдзос æма уодæнцойнæ уонцæ де ’хсæвæ дæр æма дæ бон дæр, цæмæй дæ царди ’гъдауæй дæхуæдæг дæр ма уай æма еске дæр ма уа гъæстаг, цæмæй цæуай нæ райгурæн зæнхæбæл рæсугъдæй, цæмæй зæрдрохс æма сæрустур уай дæ бийнонтæй, дæ кæстæртæй, цæмæй алкæддæр дæ æмусхъæ уонцæ, æцæгæй дæ ка уарзуй æма нимайуй, цæстуарзонæй ке фæндуй, дæ царди хабæрттæ рæстмæ куд уонцæ, уæхæн æрдхуæрдтæ...

Цæмæй... Берæ, берæ цидæртæ ма нæ фæндуй нæ арфи зæгъун, нимад дæр сæ, æвæдзи, нæ фæууодзинан, фал сæ еугурей туххæй еумæйагæй зæгъæн: цард дæ рæвдауæд æнæнездзийнадæй, зæрдтагон хабæрттæй, æнтæстдзийнæдтæй, хеуæнтти æновуддзийнадæй, æрдхуæрдти рæстуоддзийнадæй!

***Берæ дæ ка уарзуй æма дин устур кадæ ка кæнуй, дæ еци хеуæнттæ æма æрдхуæрдтæ.***


# РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 415 СОМИ ÆМА 44 КЪАПЕККИ.**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт - геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№1774.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 31.08.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**